# Валарна кечамбар

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

Дешхьалхе

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

Баккъалла а, уггар нийса къамел – АллахIан жайна (Къуръан) ду, уггар дика нийсо – вайн эла волчу Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) нийсо ю. КIезиг долуш кхачам беш дерг гIоли ду, дуккха долуш кхачаме доцчул а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шуна хир ду аьлла чIагIо йинарг догIур долуш ду, шун ницкъ кхочур ма бац и духатоха».** *«Аль-АнIам». 134.*

ХIокху жайнин Iалашо – валарна кечамбарх дийцар ю, адам кхолларх, цуьнан дахарх дерг а хьахош. Кхузахь масийтта хаттар ду, хIора стага шашега ца хаьттича йиш йоцуш:

1. Вай кхоллале хьалха хIун хилла вай?
2. Мила ву вай кхоьллинарг?
3. Муьлхачу хIуманах кхоьллина ду вай?
4. ХIокху дуьнен чохь вай кхочушдан дезарг хIун ду?
5. ТIаьххьара вайн доьрзу меттиг хIун ю?

Царах цхьадолчу хаттаршна жоп а луш, вай олу: «Баккъалла а, вай дерриг а доцуш хилла, цуьнан маьIна – хIокху дахарехь вай дехаш я хьахош ца хилла. Мила ву тIаккха вай кхоьллинарг? – Веза-Сийлахь волу АллахI ву-кх. Стенах кхоьллина вай? – Хин тIадамах кхоьллина вай, цул тIаьхьа детта цIий хилла иза, цул тIаьхьа цкъа кхаллал жижиг хилла иза, цул тIаьхьа меженаш а хилла, вайгахь долу куц кхочуш а хилла вайн. Мила ву Iалам кхоьллинарг? – АллахI ву. ХIокху дуьнен чохь вай кхочушдан дезарг хIун ду? – Вай АллахIна Iибадат дан дезаш ду. АллахIна Iибадат до вай бохучун маьIна хIун ду? – Цуьнан маьIна, АллахIна муьтIахь хуьлу вай, бохург ду. Вайн доьрзу меттиг хIун ю, цул тIаьхьа вай стенга гIур ду? Вай Далла Iибадат динехь я ца динехь, вай бусалба хиллехь я керста хиллехь а, адаман доьрзу меттиг хIун ю? – Веза-Сийлахьчу Деле ю.

## Веллачул тӀаьхьа долу дахар

Веллачул тӀаьхьа долчу дахаран юьхьиг валар ду, цул тӀаьхьа каш ду. Хьо хьайн коша воьрзур ву, шен хан кхаьчча къематде хӀуттур ду, хьо хьайн кошара гӀаттор ву. ГӀаттийначул тӀаьхьа хьесапдар, Мийзан терзана тӀехь Ӏамалш озар, кхиболу белхаш а бу, хьо ялсамане я жоьжахате ваххалц. Иштта ду-кх воьрзучу меттиге кхачар, я жоьжахати чу я ялсамани чу вахарца. ХӀун ду-те ялсамани чохь дерг? ХӀун ду-те жоьжахати чохь дерг? Цигахь ду: даар, малар, духар, дахар а. Ялсаманехь муха хир ду? Жоьжахати чохь муха хир ду?

## Валар дуьненан дахаран чаккхе, эхартан юьхьиг а ю

Вешан дийцар юьххьера долор ду вай, хӀунда аьлча хӀора хӀуманан а шен юьхьиг йолу дела. ХӀокху декъехь валарх лаьцна, цул тӀаьхьа къематдийнах, цуьнан кегийчу, яккхийчу а билгалонех лаьцна а дуьйцур ду вай. Валар дуьненан дахаран чаккхе ю, хӀунда аьлча валаро вайн дуьненан дахар хадош долу дела. Бакъду, иза эхартан юьхьиг ю, вай деллачул тӀаьхьа даима лаьттар долчу дахаран хьалхе а ю. Эхарта дерзале хьалха набарш кхетча санна хуьлу вай, амма делча самадовлу вай, оцу хенахь маликаш гур ду вайна, тӀаккха хӀун хир ду? Амма Дела хьехорехь гӀопал хиллачун хьал иштта хир дац, Дала лардойла вай цунах, иза самавер вац шен коьртехь саоьцу малик долуш а бен.

Валаро массо хӀума шен метта дуьллу. Адаман са стигала хьала доьду, амма дегӀ лаьтте доьрзу. Оцу тӀехь чаккхе юй те оцу белхан? Яц. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Синош догӀмех дӀатоьхначу хенахь».** *«Ат-Таквир», 7*.

Цуьнан маьӀна: къематдийнахь шен дегӀах дӀакхетар ду са, дуьнен чохь ма-хиллара. Оцу хенахь даьӀахкаш тӀе жижиг а доьгӀна, хьалха санна дегӀ хир ду цунах. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цул тӀаьхьа зурман чу хӀуп эр ду кхин цкъа а, тӀаккха уьш** (шайн кешнашчуьра) **гӀовттур бу** (къематдийнан халонга) **хьоьжуш а болуш».** *«Аз-Зумар», 68.* ХӀокху аяташа вайна гойту, дахаран чаккхе, эхартан юьхьиг а валар хилар.

## Валар – иза чохь са мел долчу хӀуманан чаккхе ю

Вайн доьрзу меттиг хӀун ю? Вай мича дӀагӀур ду? ТӀаьххьара вай кхочур долу меттиг – иза къематде ду. Башхалла яц, вай хӀинцца делча я дуккха даьхча а, зуда а ялийна, вайн бераш, берийн бераш а вайна гинехь я

зуда ялонза хиллехь а, бIешарахь я шина бIешарахь вай дуьнен чохь хан яьккхинехь а, цуьнан чаккхе валар ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха адам** (Адам-пайхамар) **кхоьллина цIенчу поппарх. Цул тIаьхьа Оха иза** (Адаман тIаьхье) **хин тIадам хилийтина тешамечу меттигехь** (ненан кийрахь)**. ТIаккха тIадамах детта цIий кхоьллира Оха, деттачу цIийх кхоьллира Оха жижиган кийсак, жижиган кийсаках кхоьллира даьIахкаш, тIаккха даьIахкашна тIе жижиг дуьйгIира** (диллира) **Оха, тIаккха** (цунна чу са а хецна) **Оха хилийтира кхин кхоллар. Беркате Ву АллахI – уггар дика кхуллуш верг. ТIаккха, баккъалла а, шу цул тIаьхьа лийр ду. ТIаккха, баккъалла а, къематдийнахь шу дендийр ду».** *«Аль-Муъминун», 12-16.*

Шеца там боцчух цIена ву-кх Дела, хьажахь хIокху чолхечу балхе. Кхин цхьа а дин дуй адамана шен кхоллар ма-дарра билгалдеш, тIаккха цунна Дала шена делла коьрта ниIмат довза а довза – и ниIмат бусалба волуш кхоллар ду. Воьрзу меттиг Веза-Сийлахьчу Деле ма ю, кхечу аятехь деана ма-хиллара: **«Баккъалла а, хьан Деле ю воьрзу меттиг».** *«Ан-Нажм», 42.*

Мичахь ю чаккхе, воьрзу меттиг а? Веза-Сийлахьчу Деле ю-кх, Къуръана чохь деана ма-хиллара: **«ХIай адам! Баккъалла а, хьо къахьоьгуш ду, хьайн Далла дуьхьалкхетталц** (дика я вон Iамал ярца), **хьо Цунна дуьхьал кхетар ма ду** (айхьа йинчу Iамална бекхам хир бу хьуна, – я мела, я Iазап)**».** *«Аль-Иншикъакъ», 6.* Дерриг дахар къахьегар, кIадвалар а ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха адам кхоьллина хало хьоьгуш** (шена чу са кхоьллинчу хенахь дуьйна ша даллалц)**».** *«Аль-Балад», 4.*

## Дуьнен чохь даима вахар дац цхьаннен

Веза-Сийлахьчу Дала хIокху дуьнен чохь даима вахар яздина дац цхьанненна а; Пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) белахь, маликаш делахь, жинаш делахь а – цхьанненна а хIокху дуьнен чохь даима вахар делла дац, массеран боьрзу меттиг валар ду, берриге лийр болуш бу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зурман чу хIуп эр ду, тIаккха стигланашкахь мел верг а, лаьттахь мел верг а велла охьавужур ву, Далла лиънарг воцург».** *«Аз-Зумар», 68.*

Къематде кхаччалц дийна хилларг а лийр ву оцу хенахь, зурман чу хIуп эр долу Исрафил-малик а цхьаьна. Ша зурмана чу хIуп аьлла, дуьнен чохь мел долу хIума дIадаьллачул тIаьхьа дийна хир ду иза, тIаккха Веза-

Сийлахьчу Дала Шен дош кхочушдеш долуьйтур ду иза. Цул тӀаьхьа Веза-Сийлахьчу Дала дендийр ду иза, цо шозлагӀа зурман чу хӀуп эр ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цул тӀаьхьа зурман чу хӀуп эр ду кхин цкъа а, тӀаккха уьш** (шайн кешнаш чуьра) **гӀовттур бу** (къематдийнан халонга) **хьоьжуш а болуш».** *«Аз-Зумар», 68.*

Везчу Дала цхьанненна а даима вахар делла дац, Къуръана чохь деана ма-хиллара: **«Оха хьол хьалха а** (хӀай Мухьаммад) **ца хилийтина адамана даима дахар. Ткъа хьо велча уьш гуттар лаьттар болуш бу-те?!»** *«Аль-Анбияъ», 34.* ХӀокху аятан маьӀна: хӀай Мухьаммад, хьо а кхелхар волуш хилча, мила ву хьол тӀаьхьа даима вехар верг?!

## Массо а халкъо валар Ӏовшур ду

Валар Ӏовшар – иза юкъара низам ду, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Массо дегӀ валар Ӏовшур долуш ду. Оха зерха а зуьйш ду шу** (дуьнен чохь) **вуонца а, диканца а. Тхоьга дерзор а ду шу** (тӀаккха Оха бекхам бийр бу шуна)**».** *«Аль-Анбияъ», 35.*

Валаро дуьнен чохь долу хьан зер чекхдоккху, тӀаккха ахь йина Ӏамал хьуна гайта вухаверзаво хьо. Цул тӀаьхьа эхартахь хьайна болу бекхам гучуболу хьуна. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Массо дегӀ валар Ӏовшур долуш ду. Баккъалла а, къематдийнахь шуна дӀалур ю шайн ял. Жоьжахатина гена а ваьккхина, ялсамане вахийтинарг – и ву декъалхилларг. Дуьненан дахар ма дац Ӏехаваран хӀума бен».** *«Алу Ӏимран», 185.*

АллахӀа хаийтина, чохь са мел долу хӀума лийриг хилар, оцу тӀехь кхачо а ца еш адамо дан дезарг хьоьхуш, Цо аьлла: **«Хьо тӀетовжа цкъа а лийр воцчу, даима дийна волчунна** (АллахӀна)**, хастам барца тасбихь а де Цунна. АллахӀ кхачаме ву Шен леша летош долу къинош довзарехь».** *«Аль-Фуркъан», 58.*

Дала хӀоранна а валар яздина, АллахӀ воцург цхьа а вац гуттар хир волуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оцу** (лаьтта) **тӀехь мел верг дӀавер** (лийр) **волуш ву, вуьсур верг Ву хьан Дела, возаллин-сийлаллин да Волу».** *«Ар-Рохьман», 26-27.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахӀ воцчунна Ӏибадат ма делахь, И воцург кхин дела вац. Массо хӀума хӀаллакьхир ду, Иза воцург,**

**Цуьнгахь ду хьукма дар, Цуьнга шу дерзор долуш а ду».** *«Аль-Къасас», 88.*

**Валарх вада я кIелхьарвала меттиг яц**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Валаран сауьйзу хан йогIур ю бакъонца** (эхартан халонаш бакъеш)**. Иза ду хьо шех** (кхерарна) **уьдуш хилларг».** *«Къаф», 19.* Цуьнан маьIна: «Хьо миччахь велахь а, хьоьга валар кхочур ду, цунах ведда лелар эрна ду».

Цундела Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Валаран сауьйзу хан йогIур ю бакъонца** (эхартан халонаш бакъеш)**. Иза ду хьо шех** (кхерарна) **уьдуш хилларг. Зурман чу хIуп эр ду** (къематденна гIовттош)**, иза ду-кх** (Дала керста нахана Iазап лур ду аьлла) **шеца чIагIо йина де. ХIора дегI догIур ду, шеца цхьана** (махьшаре) **валош дерг, тоьшалла деш дерг а** (ши малик) **долуш. Баккъалла а, хьо** (хIай адам) **гIопал дара хIокхунах** (хIокху халчу дийнах), **хьо** (дуьнен чохь) **бIаьрзе вина хIума дIадаьккхи Оха хьох, тахана хьан бIаьрса дукха ира ду».** *«Къаф», 19-22.*

**Адамийн хьекъалан лаамаза Iаламехь дерг** (материя) **пана хилла дIадолуш, хIумма доцчух кхуллуш а ду**

ХIай сан хьоме вежарий, иштта ю-кх Деле воьрзу меттиг, валарца а, пана хилла дIаваларца а. Веза-Сийлахь волу АллахI воцург тIаьхьавуьсур волуш цхьа а вац. Цундела, ишколашкахь, институташкахь а доьшуш берш ларбала беза Делах ца тешаш болчу наха дуьйцучух. Баккъалла а, Делах ца тешаш болчара, бусалба динна инкарло еш, и ца дезаш болчара а олу: «Адамийн хьекъалан лаамаза Iаламехь дерг (материя) пана хилла дIадолуш я хIумма доцчух кхуллуш а дац». Харцлуьйш бу уьш. Адамийн хьекъалан лаамаза Iаламехь дерг (материя) хIумма доцчух кхуллуш, пана хилла дIадолуш а ду. Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь боху: **«Аш Делаца керсталла муха до: шу делла ма дара, тIаккха Цо шу ден ма дира** (шу дуьнен чу дехира)**? Юха Цо долуьйтур ду шу, юха а дендийр ду** (къематдийнахь)**, тIаккха Цуьнга дерзор ма ду шу».** *«Аль-Бакъарат», 28.*

Кхечу аятехь Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дага ца догIу-те адамана, Оха ша хьалха хIумма доцчух кхоьллина хилар?»** *«Марьям», 67.*

**Шена безнарш белла ша висча, шена синтем бар**

Шен гергарчарах цхьаъ велча шена синтем бан лууш волчо дуьххьара шега хатта деза, хIара велларг (хьан да я нана, я ваша, я йиша, я кIант, я йоI) Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьоме, дукхавезаш а варий хьуна, аьлла? Уьш Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дукха беза хьуна я Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) царал дукха веза хьуна? Бакъду, хьуна царал дукха ца везча йиш йоцу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) а ма кхелхина. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхиболчу нахал дукхавезаш волчу бусалба стагана иза довзаро паргIато ца йо ткъа? Иштта вай кхоьллинчу Дала вайна массарна валар яздина, Ша воцург даима хир воцуш. ТIаккха вайна хаа деза, валарх цхьа а вадалур воций.

## Делан къинхетамах лаьцна

Хьан Делан къинхетамах, Цо деллачу ниIматах а ду, саоьцу малик вайна тIе ца догIуш, вай цунна тIе даха дезаш Цо вайна тIедиллина ца хилар. Вай кхоьллинчу Дала вайга омра дан тарлуш ма дара, цхьана билгалйинчу хенахь саоьцу малик долчу гIо, аьлла. ТIаккха вайх гIур верг, гIур воцург, тIаьхьа вуьсуверг а хир ма вара, и бахьанехь Дала цунна Iазап а луш. И болх адамана базлур бара, цундела хьан Дала Ша хьох бинчу къинхетамца, хьо кхалхаран хан билгал ца еш, Ша реза волчу агIор бусалба динехь хьайна ма-луъу ваха витина хьо. Ткъа хьо кхоьллинчу Далла хьан дахар хадо лиъча, хьо миччахь велахь а саоьцу малик хьайн коьртехь карор ду хьуна. Цундела вай дуьнен чохь дехачу хенахь тIедогIучу шерашкахь я беттанашкахь, я кIиранашкахь цхьа хIума дан Iалашо хуьлу вайн, амма АллахI воцчунна хууш дац и кхочушхир ду я дац.

Дуьнен чохь деха вай, юуш, молуш, хене довла гIерташ а. Вайна юккъехь кегийрхой хуьлу, зударий бало, доьзал боло а, цул тIаьхьа шайн доьзал кхуьуш ган а, уьш когаметта хIуьттуш царна гIо дан а лууш. Амма цIеххьана цунна шен коьртехь саоьцу малик карадо. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Шу шех уьдуш долу и валар шуна дуьхьалкхетар ду. ТIаккха шу дерзор ду къайлах дерг, гучохь дерг а хууш Волчуьнга** (АллахIе). **ТIаккха Цо шуна дуьйцур ду аша деш хилларг** (шу Iамалшка хьаьжжина бекхам бийр бу)**».** *«Аль-ДжумуIа», 8.*

## Валар хьехор – хьекъал, хьехам а бу

Цхьаболу нах валар хьахош хезча, цунах холам хуьлуш, валарх лаьцна шайна хьехам бича хьуна оьгIазъоьхуш а хуьлу. Царах хийла стаг хуьлу, и

валар хьехочу меттехь охьа а ца хууш, дӀавоьдуш. Ткъа вай уьдуш хӀунда лела валарх, валарх лаьцначу хьехамах а? Иштта хьал хилча, саоьцучу маликана дуьхьал муха кхета дохку вай? Валар хьехорах хьо уьдуш хилча, еккъа цуьнан цӀе яьккхича а хьо кхоьруш хилча, и хьайна дуьхьалкхетча хӀун дийр ду ахь? Саоьцу малик хьайн коьртехь карийча, хьайн дегӀера са арадолуш хьайн бӀаьргашна гича, тӀаккха хӀун дийр ду ахь? Баккъалла а, саэцар когашкара хьала доладо логе кхаччалц, цундела леш волчо саийзоран узамаш беш хеза хьуна. Ткъа са арадолучу хенахь бӀаьргаш цунна тӀаьхьа хьовсу, цундела ахь и веллачул тӀаьхьа цуьнан ши бӀаьрг дӀакъовлу. Оццул чӀогӀа валар хьехорах хьо кхоьруш хилча, саоьцучу маликана дуьхьал муха кхета воллу хьо? Вайна валар дагадоуьйтучу хьехаме хьашт ду вай, цундела Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) боху: **«Марзонаш хедош дерг** (валар) **дуккха хьехаделаш».** *Тирмизи.*

Баккъалла а, адамана валар хьехор дика ду, амма цуьнга сатийсар дика дац. Валаре сатуьйсуш ма хилалахь, амма даима а валар хьехош, цунна кечам беш а хилалахь.

## Эхартахь керстано валаре сатийсар

Дуьнен чохь валарх уьдуш, шаьш лелош долу хьарам хӀума ца дита и валар хьехо ца лууш хилларш, эхартан хало шайна гича валаре сатуьйсуш хир бу, амма царна и хир ма дац. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Уьш** (керста нах) **кхойкхур бу: «ХӀай Малик** (жоьжахатина тӀехӀоттийна малик), **хьайн Деле тхо далийта алахь** (Ӏазапах тхо паргӀатдовлархьама)». **Цо жоп лур ду: «Баккъалла а, шу даима лаьттар долуш ду** (Ӏазапехь)**».** *«Аз-Зухруф», 77.* Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Малик** (жоьжахатина тӀехӀоттийна малик) **царна дуьхьал дист ца хир дац эзар шо даьллачул тӀаьхьа бен».** Цаьрга эр ду: **«Баккъалла а, Оха шуна бакъдерг** (Ислам) **даийтира, делахь а шух дукхахберш бакъдерг ца дезаш бара».** *«Аз-Зухруф», 78.*

Иштта кхечу суратехь Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Амма шен Ӏамалийн тептар шега аьрру куьйга деллачо эр ма ду: «Дависа-кх, и сан Ӏамалийн тептар сайга далаза велар-кха со. Хааза велар-кха со, мел (ирча) ду сан хьесап. Сан** (дуьненахь) **валар хилла делахьара тӀаьххьара** (со вуха ден ца веш). **Со** (Ӏазапах) **кӀелхьара ма ца ваьккхи сан бахамо. ДӀадели соьгара сан паччахьалла.** (Дала омра дийр ду): **«Схьалаца иза, цуьнан куьйгаш вортанах дӀадехка. ТӀаккха жоьжахати чу кхосса иза.**

**ТӀаккха кхузткъе итт дол еха йолчу зӀенаца дӀавехка иза».** *«Аль-Хьаккъат», 25-32.*

Ша жоьжахати чу доьдуш, Дала лардойла вай цунах, адамана ша цу чохь лийр ду моьттур ду, амма цунна вагош йолу цӀе, кхеххкаш долу хи, силам а карор ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, тхан аяташ харцдинарш, Оха уьш жоьжахати чу бохуьйтур бу. Церан дилханаш дагна мосазза дели, Оха иза керлачу дилханца хуьйцур ду, цаьрга Ӏазап Ӏовшийтархьама. Баккъалла а, АллахӀ ницкъ болуш, хьукма нийса деш верг а Ву».** *«Ан-Нисаъ», 56.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цунна** (керста стагана) **хьалха жоьжахати ю, цунна** (цу чохь) **ноткъанах долу хи малор ду. Цунах къурдаш дийр ду цо, и мала герга хир вац иза** (и чӀогӀа къаьхьа хиларна)**, цунна тӀе валар** (валаран бахьанаш) **догӀур ду массо меттигера, амма иза лийр вац, цунна тӀехьа кхин луьра Ӏазап а хир ду** (тӀаьхьа мел догӀург хьалхарчул хала, чӀогӀа а долуш)**».** *«ИбрахӀим», 16-17.*

ХӀокху вай дийцинчарах хӀора а валар тӀедохьуш долу Ӏазап ду, амма и Ӏовшуш верг лийр воцуш. ХӀун бахьана ду иза ца валар? – Валар дуьнен чохь вехаш волчунна хилар бахьана ду. ХӀунда аьлча, вайх хӀоранна шиъ валар, шиъ дахар а яздина, хӀокху хене кхаччалц царах шиъ кхочушдина вай, шиъ бухахь а дисина вайна. Вай кхоллале хьалха хӀумма доцуш ца хилла вай? Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дага ца догӀу-те адамана, Оха ша хьалха хӀумма доцчух кхоьллина хилар?»** *«Марьям», 67.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш Делаца керсталла муха до: шу делла ма дара, тӀаккха Цо шу ден ма дира** (шу дуьнен чу дехира)**? Юха Цо долуьйтур ду шу, юха а дендийр ду** (къематдийнахь)**, тӀаккха Цуьнга дерзор ма ду шу».** *«Аль-Бакъарат», 28.*

Тахана дуьненахь дийна ду вай, вайна дуьхьалкхетар долчу валаре ладоьгӀуш а ду вай. Иштта болх хилча, шозлагӀа лечу хенахь мосазза делла хуьлу вай? – Шозза делла хуьлу. Тахана дуьненахь дехаш ду вай, кхана эхартахь хир долу дахар а ду вайна. ХӀара шиъ ду-кх шиъ валар, шиъ дахар а, и шиъ ду-кх эхартахь керста наха а шеца мукӀарло дийр долуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара** (керста наха) **элира: «ХӀай тхан Дела, Ахь шозза далийтира тхо, Ахь шозза ден а дира тхо, тхо къера а хилла тхайгара дийлинчу къиношна. Цхьа а некъ буй-те** (Ӏазапах) **кӀелхьардовла?!»** *«ГӀофир», 11.*

## Валар дӀадалар

Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ялсаманин охӀланаш ялсамане бахча, жоьжахатин охӀланаш жоьжахате бахча, цу шинна юккъе валар дӀа а хӀоттийна, урс хьокхур ду цунна, цул тӀаьхьа кхайкхор ду: «ХӀай ялсаманин охӀланаш, валар дац шуна; хӀай жоьжахатин охӀланаш, валар дац шуна; ялсаманин охӀланаш баккхийберехь совбевр бу, жоьжахатин охӀланаш гӀайгӀанехь совбевр бу».** *Бухари, Муслим.*

Дуьнен чохь болчу хенахь валар ца дезаш, иза хьехо ца лууш, цунна кечам ца бинарш а эхартахь цуьнга сатуьйсуш хир бу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха кхерам тесна шуна герга долчу** (эхартан) **Іазапца. Оцу дийнахь стаг хьожур ву ша динчуьнга** (ша йинчу Іамале), **тӀаккха керстано эр ду: «Латта хилла делар-кх сох».** *«Ан-Набаъ», 40.*

ХӀунда эр ду керстано, латта хилла делар-кх сох, аьлла? Дала хьайбанашка вовшийн чӀир эцийтинчул тӀаьхьа, хьайбанех латта хилла, уьш пана хилла дӀадовлуш шена гича, ша хьайбанех цхьа хьайба хилла, пана хилла дӀадала сатосур ду керстано, жоьжахатих хьалхавалархьама, цо эр ду: «Латта хилла делар-кх сох! Оцу шех латта хиллачу хьайбанех цхьа хьайба хилла делар-кх со».

## АллахӀа кхоьллинчу халкъах цхьа а валар духатоха ницкъ кхочур болуш вац

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шу миччахь делахь а, валар тӀекхочур ду шуна, чӀагӀийнчу бӀаьвнаш чохь шу делахь а. Шайна цхьа дика болх хилча, цара олу: «ХӀара Делера ду», амма шайна цхьа вуон болх хилча, цара олу: «ХӀара хьоьгара ду** (хӀай Мухьаммад)**». Ахь ала** (хӀай Мухьаммад)**: «Дерриг а Делера ду». ХӀун хилла-те оцу къомана? – Шайга дуьйцучух кхета герга бац-кх уьш».** *«Ан-Нисаъ», 78.*

Хьайца там боцчух цӀена Ву-кх Хьо, хӀай сан Дела! Къуръана чохь доьшу оха Мусана а (Делера салам хуьлийла цунна), цуьнан луьра мостагӀ хиллачу ФирӀавнна а юккъехь лелларг, цул тӀаьхьа Дала ФирӀавн хӀорда чохь хӀаллаквар а, хӀетте а цхьаболчара бакъ ца до иза. Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала Шен билгалонех билгало (валар) гайтина вайна, ФирӀавнна гайтина ма-хиллара. Бакъду, цхьаболчу нахана шайн хьал тоделча я шайгахь

боккха ницкъ хилча, шаьш лийр дац моьтту, амма цIеххьана саоьцу малик шайн коьртехь карадо царна. Ткъа царах цхьа а, валарх ведда, кIелхьарваьллий? Ца ваьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Оха шайна деллачу рицкъанах** (закат даларца) **харж е аш, шайх цхьанна тIе валар кхачале, тIаккха цо олуш: «Везан Дела, Ахьа со тIаьхьатеттина велир-кх цхьакIезиг заманна, аса закат лур дара, со хир вара дика Iамал ечарах** (ХьаьжцIа воьдуш)**». АллахIа цхьа а дегI тIаьхьатоттур дац цуьнан Iожалла кхаьчча, АллахI аш дийриг хууш ву».** *«Аль-Мунафикъун», 10-11.*

Цунах терра ду, стага ша коша виллинчул тIаьхьа, шена тIе ши малик деача, эр дерг: **«ХIай сан Дела, со вухаверзавехьа** (дуьнен чу)**, айса ца еш йитина йолу дика Iамал ян». ХIан-хIа! Иза цо олуш долу** (шена жоп лур доцу) **дош ду. Царна хьалха дуьхьало ю, уьш юхаденбийрболчу дийне кхаччалц».** *«Аль-Муъминун», 99-100.*

Цуьнга эр ду: «Хьо хIун дан воллу дуьнен чу ваьлла, баккъалла а, дуьнен чохь хьайна елла хан яьккхина ма ваьлла хьо, ахь хIун дира оцу хенахь?» Шаьш юха дуьнен чу баьхча, дика Iамал йийр ю бохуш, уьш харцлер АллахIа тIаьхьадогIучу аятехь билгалдо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Гучудаьлла царна** (къематдийнахь) **шаьш хьалха** (дуьнен чохь) **хьулдеш хилларг. Уьш юхабахийтича а** (дуьнен чу), **шайга ма де аьллачунна** (тиларе) **тIебоьрзур ма бара уьш, баккъалла а, уьш харцлуьйш ма бу** (шаьш юха дуьнен чу баьхча, ийман дуьллур дара, бохуш)**».** *«Аль-АнIам», 28.*

## Валар тайп-тайпанчу бахьанашца догIу

Валар муьлххачу бахьаница тIедан тарлуш ду: хи буха вахарца я машен дIакхетарца, я шен меттахь волуш, я лазартнехь волуш, я кхидолчу муьлххачу кепара а. Бакъду, валар тIедар кхечу бахьаница яздина хиллехь, цомгуш хиларе хьежор вац хьо. Далла лиъначу хенахь хьан оьмар чекхйолу, цундела саоьцу малик гал ца долу са эцарехь, шен хан кхаьчнарг тIаьхьа ца тотту цо я цхьаьнна меттана кхечун са а ца оьцу цо. Веза-Сийлахьчу Дала массо адамийн эла волчу Мухьаммадах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) лаьцна боху: **«Мухьаммад Элча ма ву, цул хьалха** (кхиболу) **элчанаш дIабахана. Иза велча я вийча – шаьш хиллачу** (керсталле) **духадоьрзур дара шу?! Шен динах вухаваьлларг милла велахь а, цхьана а хIуманца АллахIна зен ца до цо. АллахIа мела лур бу шукра деш болчарна** (Шена муьтIахь болчарна)**».** *«Алу Iимран», 144.* ХIара аят доьссина Ухьудехь тIом болуш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

вийна аьлла эладита даьржина, тӀаккха мунепакъ наха бусалба нахе аьллачу хенахь: «Иза вийнехь шайн хьалха хиллачу (керста) дине духадерза шу». Шеца там боцчух цӀена Ву АллахӀ, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вуьйр воций Шена хуъушехь аьлла Дала: **«Иза велча я вийча – шаьш хиллачу** (керсталле) **духадоьрзур дара шу?!»**

Кхечу аятехь Дала хаийтина Шен Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) наха верах Ша ларвина хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀай Элча! ДӀакхачаде** (дерриге) **хьайга хьан Дала доссийнарг** (элчаналла)**. Ахьа иза ца дахь** (цунах цхьадерг хьулдахь) **– ахь кхочушдина ца хуьлу Цуьнан элчаналла. АллахӀа ларвеш ву хьо нахах** (мостагӀийн вуонах)**. Баккъалла а, АллахӀа ца нисдо керста къам».** *«Аль-Маидат», 67.*

### Валар массеран юкъара ду

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цхьана а синан далар ма ца хуьлу АллахӀан лаамца бен, шена тоьхначу хенахь бен».** *«Алу Ӏимран», 145.*

Лаьтта тӀехь, стиглахь а мел болчарна Делан лаам тӀаьхьататта лиъча, церан ницкъ кхочур ма бацара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Цуьнан болх, Шена цхьа хӀума** (кхолла) **лиъча, Цо цуьнга алар ду: «Хила!» – тӀаккха иза хуьлу».** *«Ясин», 82.*

Цундела вайна тӀехь декхар ду, Далла муьтӀахь а долуш даха, Дала тоьхна йолу хан тӀекхаьчча Цунна муьтӀахь а долуш далархьама. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀора умматна тоьхна хан ю. Шена тоьхна хан тӀееъча, цхьакӀезиг йолчу ханна тӀаьхьадуьсур дац иза я хьалха а дер дац иза».** *«Аль-АӀраф», 34.*

Везчу Деле доьху вай вешан дахар, далар а Цунна муьтӀахь долуш хилийтар, вайн Ӏамалийн тептар диканца дӀакъовлар а.

### **Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шен йоӀе Зайнабе дина весет**

Вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йоӀа Зайнаба (Дела реза хуьлийла цунна) шен кӀант валарчу вирзина вуй хоуьйтуш, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу геланча вахийтира. Цуьнан геланча вахара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, цо цунна дийцира долуш долу хьал. ХӀун элира-те Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга? Зайнаб йолчу а

гIой, цуьнга ала, элира цо: **«Баккъалла а, АллахIна ду Цо схьаэцнарг, Цо делларг а, массо хIума Цунна гергахь хан тоьхна ду. Хьо собаре хила, Делера ял хиларе сатуьйсуш а хила».** *Бухари, Муслим.*

### Къематдийнахь стаг шена везначуьнца гIаттор ву

Дуьнен чохь вай дехаш долчу хенахь, Делан дуьхьа вовшийн вай дезар кхаъ бу вайна, тайпанан дуьхьа я даьхнин дуьхьа, я юккъехь лелош йолчу йохк-эцаран дуьхьа а доцуш. Вайна вовшийн дукхадеза, вай бусалбанаш долу дела, Далла муьтIахь долу дела а. Баккъалла а, суна Делан дуьхьа дукхавеза хьо, ткъа хьуна со а Делан дуьхьа дукхавеза. Иштта болу безам валарца дIахедаш бац. Цундела эхартахь вайн Эла волу Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан асхьабаш а гур бу вайна, Делан дуьхьа вайна уьш дукхабезарна. Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала Шен Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIара къудусин хьадис Iамийна, эхартан хьал дуьйцуш. Веза-Сийлахьчу Дала къематдийнахь эр ду: **«Сан дуьхьа вовшийн дукхабезнарш мичахь бу? Тахана Ас уьш IиндагIе хIиттор бу, Ас хIоттийнарг бен кхин IиндагI доцчу дийнахь».** *Муслим.*

Цундела хьо ларлойла, Iеса нахах я керста нахах цхьаъ хьайна дукхавезарх. Хьо иштта ларлойла, Делан дуьхьа доцуш цхьаъ дукхавезарх. Баккъалла а, эхартахь къонах шена дукхавезначуьнца вуьсур ву, цундела ахь харжа къематдийнахь хьайца цхьана хила хьайна лууш верг. Хьо дуьнен чохь веха хан кIезиг денош я беттанаш, я шераш бен ма дац. Дуьненахь долу зер чекхдаьлча, вайх хIора а коша гIур волуш ву, хIара дерриг Делан пурбанца, Iилманца а ду. АллахI вайца къинхетаме ма Ву, Иза вай кхоьллинарг а ма Ву. Веза-Сийлахьчу Дала валар диц ца далийта, хIора дийнахь цкъа дагадаийтина а валар дагадоуьйту вайна. ХIунда аьлча, хьо 60 шарахь ваьхча, тIаккха саоьцу малик цIеххьана хьайн коьртехь карийча, хьо хеттарш дан волалур ву: «Со хIунда леш ву? Валар хIун ду? Валарх лууш дерг хIун ду?»

### ХIора дийнахь набъяр валар санна ду

Хьуна валар диц цадалийта, хьан Дала хIора дийнахь лаххарчу барамехь цкъа волуьйту хьо. Набъяр – иза валар санна ду, бакъдолу валар хьуна дагадоуьйтуш. Муха хуьлу иза? Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза** (АллахI) **Ву шу буьйсанна долуьйтуш** (наб кхоьтуьйтуш) **Верг, аш дийнахь деш дерг хууш Верг а. ТIаккха цу чохь** (дийнахь) **шу дендо Цо, цIетоьхна йолу** (Iожаллин) **хан кхочуш хилийта. Цул тIаьхьа** (къематдийнахь) **Цуьнга доьрзур ду шу, тIаккха Цо дуьйцур ду шуна, аш лелош хилларг».** *«Аль-АнIам», 60.*

## Дуьне адам зеран хIусам ю

Баккъалла а, валар тIедарца дуьненан зерах хьалхадовлу вай, амма кошахь юха а вайн зер дIадолало. Хьайн ийманан чIогIалле хьажархьама, вайн Дала хьан ненан, ден, берийн, хIусамненан, даьхнин, гергарчу нехан, лулахойн, хьан могашаллин а хьокъехь зоь хьо. Со Делах тешаш ву, бохуш, амма дуьххьара хало тIееъча сихха догдуьллуш хуьлу цхьаверг. Адамийн собаран, хьуьнаран бараме хьаьжжина хуьлу цуьнан Далла герга вахар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Массо дегI валар Iовшур долуш ду. Оха зерха а зуьйш ду шу** (дуьнен чохь) **вуонца а, диканца а. Тхоьга дерзор а ду шу** (тIаккха Оха бекхам бийр бу шуна)**».** *«Аль-Анбияъ», 35.*

Веза-Сийлахьчу Дала цхьайолчу хенахь хьо ца зуьйш вуьту, хьуна дуккха рицкъа а ло, ахь цунах хIун до хьожуш. Цкъацкъа хьуна доьзалхо ло Цо, ахь иза бусалба динехь кхио ма-веззара кхиаво я ца во хьожуш. Цул тIаьхьа валарца я цамгарца, я кхечу бахьаница и доьзалхо хьоьгара дIаоьцу Цо, оцу тIехь хьо собаре хуьлу я ца хуьлу хьожуш. Цкъацца вуон гIиллакх долчу хIусамненаца я вуочу лулахочуьнца зуьй Цо хьо, хьан собар мел ду хьожуш. Дала иштта зуьйш ду вай вовшашца, баккъалла а, и Дела ницкъ кхочуш ма ву иза хьол дика я хьо цул дика хилийта. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха ца ваийтина хьол хьалха** (хIай Мухьаммад) **элчанех цхьа а, уьш яахIума юуш, базаршкахула лелаш болуш а бен. Оха бина шух цхьаберш вукхаьрца зуьйш**. **Шу собаре хуьлий** (шаьш Дала зерна тIехь)?! **Хьан Дела гуш ма ву** (собаре верг, воцург а)**».** *«Аль-Фуркъан», 20.*

## Наб – иза валаран ойла йойтуш хIума ду

Буьйсана набъеш волу стаг велла стаг санна ву. Цундела хьой буьйсанна дIавижале хьалха, хьайн доьзале салам-маршалла хатталахь, баккъалла а, кхана хьайна уьш гур бу я бац ма ца хаьа хьуна. Цаьрга маршалла хаьттинчул тIаьхьа, хьайн аьтту агIо кIел болуш дIавижа хьо, хIунда аьлча Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаш иштта дIабуьйшуш хилла. Валар герга хилар шайна хааделча, аьтту агIо кIел болуш къилбехьа боьрзий, шайн бесни кIел куьг а дуьллий дIабуьйшуш хилла уьш, саоьцу малик тIедаре ла а доьгIуш. Хьой дIавижа воьдуш изза болх бе ахь. Бакъду, хьайн дегIан хьесап дан деза ахь, айхьа хьайга хоттуш: тахана хIун дина ахь? Iуьйра ламаз шен хеннахь диний ахь? Цхьанненна цатам я зулам диний ахь? ХIай сан Дела, гечдехьа суна! Цул тIаьхьа ахь эр ду: **«Бисмикалло́хIумма аму́ту ва ахьйа́** (Хьан цIарца, хIай

АллахI, со леш ву (наб кхеташ), денлуш ву (набарх волуш)**».** Хьой Iуьйренга ваьлча эр ду ахь: **«Аль-хьамду лилла́хIил-лази́ ахьйа́на́ баIда ма́ ама́тана́ ва илайхIин-нушу́р** (Хастам АллахIна бу, вайн синош дIаэцначул тIаьхьа вай дендеш Волчу, (къематдийнахь) Цуьнга ду вайн дерзар)**».**

## Шу лийр ду, шайна наб кхетарх терра

Шеца там боцчух цIена Ву-кх Сийлахь Волу АллахI! Баккъалла а, набъяр валар санна ду-кх, Цундела Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла-кх: **«АллахIах дуй буу ас, шу лийр ма ду шайна наб кхеташ санна, шу** (къематдийнахь) **гIовттор ма ду, шаьш набарх самадовлуш санна».** Иза ду, тахана дуьненахь вайна наб кхетийтарх терра, АллахIа долуьйтур ду вай; Iуьйранна самадовлийтарх терра, АллахIа къематдийнахь гIовттор а ду вай, бохург. ТIаккха АллахIа бекхам бийр бу хIоранна а, цуьнан Iамале хьаьжжина, дика Iамал йинчунна диканца, вуон Iамал йинчунна вуонца а беш, тIаккха цуьнан воьрзу меттиг даима йолу ялсамани я жоьжахати хир ю. АллахIа лардойла вай жоьжахатин охIланан Iамалъярх. Цундела Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен белшаш тIера ша схьа а лоцуш, шега элира, аьлла: **«Кху дуьнен тIехь нехан махкахо санна я некъ ходош тIехволург санна хилалахь».** Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) оцу хьехамах кхоччуш пайда эцна, цо олуш хилла: **«Хьой буьйсанга ваьлча, Iуьйрене ма хьежалахь; хьой Iуьйренга ваьлча, буьйсане ла ма дегIалахь; хьайн могашалла Iибадатна хьовзаелахь, цамгаро хьой дIалацале; хьайна чохь са мел ду валарна кечам а белахь».** *Бухари.* Наб кхетта волчунна хаа ца ло ахь шен куьг хьалаойбуш я ша меттахъхьавеш а. Цундела, велла стаг лийчийначунна набкхетта стаг мосазза го ша лийчийна велларг дагавогIу, хIунда аьлча набкхеттарг велла стаг санна волу дела, ша дIасахьаварх хаа а ца луш. Цкъацца адамана ша набарх самадаьлча, шен хIусамехь къола дина карадо, шена хааделла хIумма а доцуш. Цундела ву-кх набкхеттарг веллачух терра, бакъду, иза садоIуш, дийна а ву, амма шен гонаха хуьлуш дерг ца хаало цунна. Шеца там боцчух цIена Ву-кх Сийлахь Волу АллахI, вай дIа мосазза дуьйшу валар дагадогIуш делхьара вайна, къинош летош, Далла Iеса хуьлуш долу а вайн догIмаш АллахIна муьтIахь хила марздийр дара вай.

## Саоьцу маликаш

Наб кхетар валар санна ду, оцу набарна я валарна тIехIиттийна маликаш ду. Цхьаболчу наха вовшашка хоьтту: «Саэцар муха хуьлу те?

Саоьцуш дуккха маликаш я цхьа малик ду-те?» Саоьцуш дерг цхьа малик бен дац, иза Іазраил-малик ду, цхьадолчу хьадисашкахь хьахийна ма-хиллара. Бакъду, цуьнца цхьаьна цунна гІо деш маликаш ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Шуна тІехІоттийна долчу саоьцучу малико дІакхалхор ду шу, тІаккха шайн Деле дерзор ду шу».** *«Ас-Саждат», 11.*

ХІора маликан къаьсттина шена тІебехкина белхаш бу, вайна Дала хаийтинчу хІуманашкахь, вайна ца хууш къайлаха Далла гергахь долчу Іаламехь а. Вайна Дала хаийтинчех ду, синош кхалхор маликийн белхашна юкъадогІуш хилар. Ткъа и саэца къастийна малик ду, цуьнан цІе Іазраил ю. БІаьрг хьажорал сиха муьлххачу меттиге кхочу иза, бІаьрганегІар тухучу заманахь эзарнашкахь синош эца ницкъ бу цуьнгахь. Цуьнца цхьана шина тайпана маликаш ду: къинхетаме маликаш; Іазап луш долу маликаш а.

## Бусалба стеган валар, керста стеган валар

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьуна гуш делхьара** (хІай Мухьаммад) **маликаша керста нехан синош оьцуш, церан яьххьашна, баккъашна а етта етташ,** (шаьш цаьрга олуш)**: «Іовша шайна вагош йолчу** (жоьжахатин) **цІеран Іазап» -** (инзаре сурт гур дара хьуна)**.** *«Аль-Анфал», 50.*

Иштта хуьлу керста стеган саэцар, Дала лардойла вай цунах. Амма шен са долучу хенахь къинхетаме маликаш шена тІедуьссучу бусалба стеган хьал цунах тера дац. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шаьш аьлларш: «Тхан Дела – АллахІ ву», цул тІаьхьа нисбелларш – царна тІе** (саоьцучу хенахь) **маликаш дуьссу,** (шаьш олуш): **«Шу кхера ма кхера я гІайгІане ма хила, ялсаманица кхаъ бу шуна, шуна хир ю аьлла чІагІо йина йолчу».** *«Фуссылат», 30.*

Бусалба стаг валарна герга вахча, цуьнга кхаъ боккхуш къинхетаме маликаш догІу, цуьнга валаран халонах, кошан Іазапах, къематдийнан халонех а ма кхера я бухахь буьсучу доьзална, даьхнина а са ма гатде, олий. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(маликаша олу цаьрга): **«Тхо шун гІоьнчий дукх дуьненан дахарехь, эхартахь а. Шуна цигахь** (ялсаманехь) **шун догІмашна дезаш дерг а, аш сатийсинарг а ду Гечдеш, Къинхетам беш а Волчу Делера».** *«Фуссылат», 31-32.*

Иштта хаза кхаъ боккху Веза-Сийлахьчу Дала Шена муьтІахь болчу бусалба нахе.

## Бусалба стеган саэцар

Бусалба стаг вала герга вахча, саоьцу малик догIу цуьнан коьрте, шеца цхьана къинхетаме маликаш долуш. Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Тхо Пайхамарца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цхьаьна арадевллера ансарех волу стаг дIаволла. Тхо коша тIе кхечира, амма лахьта даккхаза дара. Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **къилбехьа вирзина охьахиира, тхо цунна гуонах охьахевшира. Тхайн кортош тIехь олхазарш долуш санна хетара тхуна. Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **карахь Iудах** (дечиган тайпа) **йолу гIаж яра, цо иза лаьттах а Iуьттуш. Стигала хьалахьожуш, юха лаьтта охьахьожуш а Iаш вара иза, юха шен бIаьргаш кхузза хьала а, охьа а хьажийра цо, тIаккха элира: «АллахIе кошан Iазапах шаьш лардар дехийша». Шозза я кхузза элира цо иза. Цул тIаьхьа цо элира: «Баккъалла а, бусалба лай дуьненах дIа а хедаш, эхартана тIевоьрзучу хенахь стиглара маликаш тIедуьссу цунна, кIайн яххьаш йолуш, шайн яххьаш малх санна къегина а йолуш, шайн карахь ялсаманерчу марчонех марчо а долуш, ялсаманерчу IатIарх IатIар а долуш. Уьш охьаховшу, цуьнан бIаьргаша лоцучу меттиган барамехь. ТIаккха саоьцу малик догIу, цуьнан коьрте охьа а хиъна, цо олу: «ХIай цIена долу са, хьо арадала Делера гечдаре, Иза реза хиларе».**

**Цуьнан са арадолу, хи чудуттучу хIуман чуьра хи охьадарах терра, саоьцучу малико и схьа а оьцуш. Кхечу риваятехь деана: «Цуьнан са арадаьлча, стигланна, лаьттанна а юккъехь мел долчу малико а, стиглахь мел долчу малико а докъан ламаз дийр ду цунна; стигланан неIарш дIайоьллур ю цунна; оцу неIаршкахь мел долчу маликаша Деле доьхур ду, цуьнан са шега-шега хьаладаийта бохуш. Саоьцуш долчу малико цуьнан са схьаэцча, бIаьрганегIар тоххалц а цуьнан карахь ца дуьтуш, оцу маликаша схьаоьцу иза. Шаьш деанчу марчонна юкъа хьарчадо цара иза, шаьш деана IатIар а туху цара цунна. И ду-кх Веза-Сийлахьчу Делан дош: «Тхан геланчаша саоьцу цуьнан, цара** (цу тIехь) **ледарло а ца йо».** *«Аль-АнIам», 61.*

**Цул тIаьхьа цунах лаьтта тIехь уггар хаза хьожа йолчу мискан хьожа йогIу. И маликаш, цуьнан са а оьций, хьалагIо, уьш маликийн цхьана а тобанна тIех ца довлу, цара хоттуш а бен: «ХIара хаза са хьенан ду?» Цара жоп ло: «Хьенехан кIентан минехан ду** (дуьнен чохь цуьнан йоккхуш йолчу цIерех уггар хазчу цIарца)**». Дуьненан стигала кхаччалц хьаладуьгу цара иза, тIаккха стигалан неIарш дIаеллар доьху цара, царна уьш дIа а йоьллу. Цара хабар даржадо шайна уллохь йолчу хIора стиглахь, уьш ворхIалгIачу стигала хьалакхаччалц. Веза-Сийлахьчу Дала олу: «Сан лен Iамалийн тептар дIаязде аша Iиллийюнехь». «Хьуна**

**хаьий, Іиллийюн хІун ю? МухІар тоьхна тептар ду иза, цунна тоьшалла деш ду Далла гергахь долу маликаш».** *«Аль-МутІоффифин», 19-21.*

**ТІаккха цуьнан тептар дІаяздийр ду Іиллийюна чохь. Цул тІаьхьа эр ду: «Лаьттан кийра вухаверзаве иза, баккъалла а, Ас царна чІагІо йина, цунах Ас уьш кхоьллина, цуьнга Ас уьш берзор бу, цунах юха а Ас уьш гІовттор бу», – аьлла. Лаьттан кийра вухаверзор ву иза, цуьнан са а юхадерзор ду цуьнан дегІа чу.**

**Баккъалла а, цунна шен накъостийн мачийн татанаш хеза, ша витина уьш бухабирзича. Цунна тІе ши малик догІу, мохьъхьакхар чІогІа а долуш; цуьнга мохьтуху цаьршимма, иза охьа а хааво цаьршимма. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан Дела мила ву?» Цо жоп лур ду: «Сан Дела АллахI ву», – аьлла. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан дин муьлха дин ду?» Цо жоп лур ду: «Сан дин Ислам ду», – аьлла. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Цо жоп лур ду: «Иза Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **вара». Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Ахь йина Іамал муьлха ю?» Цо жоп лур ду: «Ас Делан жайна** (Къуръан) **дешна, цуьнца Ийман а диллина, иза бакъдина ас». Цул тІаьхьа цуьнга мохьтухур бу: «Хьан Дела мила ву? Хьан дин муьлха ду? Хьан пайхамар мила ву?» – аьлла. Иза ду бусалба стаг кошахь зерах тІаьххьара дерг. И хуьлуш ду Веза-Сийлахьчу Дала олучу хенахь: «Ийман диллинарш бакъдолчу дашехь** (Лá илáхІа иллаллóхІ) **совцабо АллахІа дуьненан дахарехь, эхартахь а».** *«ИбрахІим», 27.*

**Хеттаршна жоп лур ду: «Сан Дела АллахI ву, сан дин Ислам ду, сан пайхамар Мухьаммад ву** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**». Кхойкхуш верг кхойкхур ву стиглахь: «Бакълий-кх Сан лай, ялсаманера мотт билла цунна, ялсаманера духар дуоха цунна, ялсаманин неI елла цунна». ТIаккха ялсаманин хаза хьожа кхетар ю цунна, цуьнан бІаьрго лоцучу барамехь каш шордийр ду цуьнан. Цунна тІе вогІур ву, шен юьхь хаза йолуш, бедарш хаза йолуш, шех хаза хьожа йогІуш а волу стаг, цо эр ду: «Кхаъ бу хьоьга, хьуна хазахетар долчуьнца; кхаъ бу хьоьга, хьуна Дела реза ву аьлла а, ялсаманин бошмаш хьуна ю аьлла а, шена чохь лаьтташ Делан ниІматаш а долуш. ХІара ду хьуна чІагІо йина де».**

**Цо жоп лур ду: «Дала диканца кхаъ боккхийла хьоь а, хьо мила ву? Хьан юьхь ю-кх дика дохьуш йогІу юьхь». Цунна жоп лур ду: «Со хьан дика Іамал ю. Ас Делах дуй ма буу, суна хьо ма ца вевзина, Далла муьтІахь хиларехь сихо еш а, Далла Іеса хиларх вухакхеташ а бен, цундела Дала диканца бекхам бина хьуна». Цул тІаьхьа цунна дІайоьллур ю ялсаманин а, жоьжахатин а неІарш, юха цуьнга эр ду:**

**«ХIара хьан хIусам яра, хьо Далла Iеса хиллехьара. Амма Дала цуьнан метта хIара елла хьуна». Ялсаманехь дерг шена гича, цо эр ду: «ХIай Везан Дела, сихдехьа къематде хIоттор, со сайн доьзале, даьхнига верзийтархьама». Цуьнга эр ду: «ПаргIат хила».** *Абу Давуд.*

**Керста стеган саэцар**

**«Амма керста стаг дуьненах дIахедаш, эхартана герга вахана хилча, цунна тIедуьссур ду стиглара маликаш, чIогIа а, шога а долуш, шайн яххьаш Iаьржа а йолуш; цаьргахь хир ду жоьжахатерчу шогачу кIадин духар. Уьш охьаховшу, цуьнан бIаьргаша лоцучу меттиган барамехь. ТIаккха саоьцу малик догIу; цуьнан коьрте охьа а хууш, цо олу: «ХIай боьха са, хьо арадала Делера хьайна йолчу оьгIазлоне». Цуьнан дегI этIор ду, тIаккха цуьнан са** (озийна) **схьадоккхур ду, тIедачу кхакхина тIера** (озош) **тIаргIа баккхарх терра. Цунна неIалт эр ду стигланна а, лаьттанна а юкъахь мел долчу маликаша, стиглахь мел долчу маликаша. Цунна дIакъовлур ю стигланийн неIарш. Оцу неIарийн охIла цхьа а хир ма дац, Деле и са шайга хьала ца даккхар доьхуш бен. Цо и са схьаоьцур ду, цул тIаьхьа цо и са шен карахь дуьтур ма дац, бIаьрганегIар тухучу заманахь а цунна жоьжахатин бедар тIе ца юхуш. Цунах йогIур ю лаьтта тIехь йолу уггар боьха хьожа; тIаккха цара и хьалахьур ду. Уьш цуьнца маликийн цхьана а тобанна уллохула тIехдевр ма дац, цара хоттуш а бен: «ХIара хIун боьха са ду?» Цара эр ду: «ХIара хьенехан кIант минех ву** (дуьнен чохь цуьнан йоккхуш хиллачу уггар ирчачу цIарца)**». ТIаккха уьш кхочур ду дуьненан стигала, цара, цунна неI елла, эр ду, амма цунна неI йоьллур яц. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийшира: **«Стигланан неIарш дIайоьллур ма яц царна, ялсамани чу гIур ма бац уьш, механ Iуьргахула эмкал чекхъяллалц».** *«Аль-АIраф», 40.*

**ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала олу: «Цуьнан Iамалийн тептар дIаязде аш Сижжин олучу меттехь, уггар лахарчу лаьтта тIехь». Юха цаьрга эр ду: «Аша охьавига иза лаьтта тIе, баккъалла, Аса чIагIо йина, Айса уьш лаьттах кхоьллина, цуьнга берзор болуш, цунах юха гIовттор болуш бу», – аьлла. ТIаккха цуьнан са, стиглара ласттадой, цуьнан дегIа чу охьакхуссу. Юха Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дийшира: «Ткъа Делаца накъост лоцург стиглара воьжначух тера ву, тIаккха олхазарша схьалоцуш я мохо** (вадийна) **генарчу меттиге вожош».** *«Аль-Хьаж», 31.*

**Цул тӀаьхьа цуьнан са духадерзадо цуьнан дегӀа чу. Юха цунна ши малик догӀу, мохь хьакхар чӀогӀа а долуш. Цуьнга мохьтуху цаьршимма, иза охьа а хааво цаьршимма. Шина малико цуьнга хоттур ду: «Хьан Дела мила ву?» Цо жоп лур ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа». Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан дин муьлха дин ду?» Цо жоп лур ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа». Маликаша цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Иза нислур вац цуьнан нийса цӀе яккхаре а. Цуьнга эр ду: «Мухьаммад ву», – аьлла. ТӀаккха цо эр ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа, амма наха и олуш хезнера суна». Цуьнга эр ду: «Хаа ма хаийла хьуна иза, деша ма доьшийла ахь иза».**

**Кхойкхуш верг кхойкхур ву стиглахь: «Харц лий-кх иза, жоьжахатин мотт билла цунна, жоьжахатин неӀ елла цунна». Цунна йогӀур ю жоьжахатин йовхо а, цуьнан мох а. Шен кошахь гатто йийр ю цунна, цуьнан пӀендарш морзахдовллалц. Цунна тӀевогӀур ву, шен юьхь ирча йолуш, бедарш боьха йолуш, шех чӀогӀа боьха хьожа йогӀуш а волу стаг, цо эр ду: «Кхаъ бу хьоьга, хьуна халахетар долчуьнца. ХӀара ду хьуна чӀагӀо йина де». Цо эр ду: «Дала вуонца кхаъ боккхийла хьоьга а, хьо мила ву? Хьан юьхь ю-кх, вуон дохьуш йогӀу юьхь». Цо эр ду: «Со хьан вуон Ӏамал ю, ас Делах дуй ма буу, суна хьо ма ца вевзина, Далла муьтӀахь хиларх дӀахьаьвзаш бен, Далла Ӏеса хиларехь сихо еш бен. Дала вуонца бекхам бойла хьуна».**

**Цул тӀаьхьа цунна тӀетосур ву бӀаьрзе а, къора а, толкха а верг, шен карахь жӀов а йолуш. Цо и жӀов ломах тоьхча, цунах латта хир ма дара. Цо цунна жӀов еттар ю, цунах латта хиллалц. ТӀаккха Дала шен хьалхалеррачу хьоле верзор ву иза. Цо цунна юх-юха а жӀов еттар ю, тӀаккха цо мохь хьокхур бу, адам а, жин а доцчарна массарна а хезар болуш. Цул тӀаьхьа цунна жоьжахатин неӀ йоьллур ю, жоьжахатих мотт а буьллур бу цунна, ткъа цо эр ду: «ХӀай сан Дела, къематде хӀотта ма дехьа».** *Абу Давуд.*

ХӀай Везан Дела, садалар атта дехьа тхуна, тхан дуьне, эхарт а декъалдеш долу Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ боху дош тӀаьххьара дош хилийтахьа тхан.

**Чулацам**

**Дешхьалхе**

**Веллачул тӀаьхьа долу дахар**

**Валар – иза дуьненан дахаран чаккхе, эхартан юьхьиг а ю**

**Валар – иза чохь са мел долчу хIуманан чаккхе ю**

**Дуьнен чохь даима вахар дац цхьаннен**

**Массо а халкъо валар Iовшур ду**

**Валарх вада я кIелхьарвала меттиг яц**

**Адамийн хьекъалан лаамаза Iаламехь дерг** (материя) **пана хилла дIадолуш, хIумма доцчух кхуллуш а ду**

**Шена безнарш белла ша висча, шена синтем бар**

**Делан къинхетамах лаьцна**

**Валар хьехор – хьекъал а, хьехам а бу**

**Эхартахь керстано валаре сатийсар**

**Валар дIадалар**

**Валар тайп-тайпанчу бахьанашца догIу**

**Валар массеран юкъара ду**

**Къематдийнахь стаг шена везначуьнца гIаттор ву**

**ХIора дийнахь набъяр валар санна ду**

**Дуьне – адам зеран хIусам ю**

**Наб - валаран ойла йойтуш хIума ду**

**Шу лийр ду, шайна наб кхетарх терра**

**Саоьцу маликаш**

**Бусалба стеган валар, керста стеган валар**

**Бусалба стеган саэцар**

**Керста стеган саэцар**

Орг. и метод. рук-во…
Составитель – Вуждий Ганим
Переводчик – Алиев Ахмед Биксултанович
Рецензенты – М. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов

Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Магомед Тасуев

Гочдархо – Алиев Биксолтин Ахьмад
Рецензенташ – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Мохьмад Тасуев